

Pawòl Bondye te vin jwenn pwofèt
William Marrion Branham

“Espri Andyozè Yo Ki Kont Pawòl Bondye A”

Pa kondane pechè a. Gen pitye pou li. Kite l fimen, kite l bwè tafya l, kite l jwe jwèt kat li. Sa se plezi pa l. Pa bali tò. Lè l rantre lakay li ak tout lòt bagay, li fatige, li kaba, li vle on ti plezi. Sèl bagay ke ou gen pou ou fè se viv yon vi tèlman pwòp pou kap pwouve li ke levanjil la genyen dimil foua plis ke bagay sa yo. Si li mouri lan eta sa a, li pral nan lanfè ak tout tafya l la. Se entoksikasyon diab la. Si li mouri lan fimen vye pip li a, se Bondye ka jije l. Si li mouri lan al danse laba a ak bann vye rad sayo souli, Bondye ap jije l.

Men, yon sèl bagay, si ou mouri avèk onksyon pwisans Espri Sen an, tankou Etyèn te fè lè li te leve tèt li pou l gade Bondye en fas epi li di “Mwen wè syèl la louvri epi Jezi kanpe kote men douat,” ou fèt pou syèl la menm jan yon zwazo fèt pou nich li. Amèn.

Espri andyozè yo ki kont Pawòl Bondye a! Pinga ou reziste, soumèt ou. “Kòman pou nou fè sa Frè Branham?” Sèlman soumèt ou. Se sèlman sa ou dwe fè. Pran Pawòl Bondye a. Pa eseye fabrike anyen. Pa mete ou sou otèl la, pou frape sou li pou w ap rele, “Seyè ban m Sentespri a! Seyè ban m Sentespri a!” Li pap janm rive, paske w ap frape sou otèl la. Sa pap itil anyen. Non. Sa pa mache konsa. Se pran L sou Pawòl Li!

Gade Piè. Piè te lan tyòbòl, gade kòman li te pwal mouri. Li wè Seyè a ki tap mache sou dlo a. Li di: “Seyè, si se ou menm pèmèt mwen vin jwenn ou.”

Seyè a di li : “Vini non.”

Piè di li, “Koulye-a tann yon minit, Seyè, kite m al fè yon karant jou jèn anvan pou mwen wè si mwen kapab mache sou dlo a ou non. O Seyè, kite m genyen Lesprisen sou mwen ase pou mwen ka danse nan Lespri e pou mwen kapab pale an lang sou bato a apre sa m a kapab sòti nan bato a”? Non monchè! Li pran Bondye sou Pawòl Li, pa reziste epi soumèt ou. Bondye te ede l.

Si Bondye te rankontre Moyiz epi li te di l, “Moyiz ale an Ejip, di Fararon konsa, ‘Kite pèp mwen an pati’”? E si Moyiz te di konsa : “Kite m al fè yon karant jou jèn anvan pou m wè si mwen genyen lafoua ase pou mwen obeyi Ou, Bondye. Ban-m kichoy, ban mwen yon lòt bagay Seyè. Kite m di ou yon bagay, kite m wè si mwen rantre nan Lespri, anvan”? Moyiz pa janm poze okenn kesyon, li annik pran Bondye sou Pawòl Li e li pati. Se konsa ke ou sipoze fèl, pran Bondye sou Pawòl li. Apre ou konnen ke w ap kapab fèl. Li pat tann jiskaske yon lòt bagay te fèt, li annik ale devan pou l ekzekite travay la.

Sa ou ta panse de Eli, apre ke li te pase yon bon tan anro laba a, kan li te soti desann sou Mòn kamèl la? E li te rankontre yon vèv pòv, li te yon...li te yon etranje, yon moun lòt nasyon yo. Kan li rankontre madanm sa laba a, li te wè li tap ranmasé kèk mòso bwa lan lakou a. Bondye di l konsa, “Ale kay vèv sa a.” Gade yon kote pou yon predikatè ale!

Apre sa li te desann al kay vèv la. Kan li rive madanm nan te genyen de mòso bwa. Li te di, “Ki sa w ap fè la a?”

Li te di : “M ap ranmase kèk bout bwa. Mwen gen jis yon ti farin la a jis pou mwen fè kèk gato mayi. E sa sèlman m rete. Sa fè twazan ke nou pa

genyen lapli.” Epi li te di, “Mwen pral fè gato mayi sa yo. Apre sa mwen menm ak ti gasonm nan nou pral manje yo epi tann lan mò nou.”

Li di li konsa, “Fè youn pou mwen anvan!” Alelouya! O, mwen-mwen konnen ke mwen yon ti jan fou, men sa pa fè anyen, mwen bò kot Seyè a kan mèm. Li di, “Fè youn pou mwen anvan! MEN SA SEYÈ A DI!” Men li.

“Ki sa sa ye? “Chache wayòm Bondye a anvan ak jistis li!” Se pa wayòm Bondye a ak “yon ti bwi”, se pa wayòm Bondye a ak “yon ti emosyon”, se pa wayòm Bondye a ak “yon ti *sesi sela*.” Men wayòm “Bondye a ak jistis li epi tout lòt bagay yo ap swiv ou apre!” Plase l anvan!

Koulye-a, nou te tande bagay sa a. Lafwa se yon bagay ki vini de sa ou tande, epi sa ou tande a sòti nan Pawòl la. Madanm nan di, “Sa a se Pawòl Seyè a, sa a se yon nonm sen Bondye voye. Sa a se pwofèt Bondye, mwen rekonèt ke se lavérite. Sa a se Pawòl Bondye.”

Bon, madanm nan pat kouri toupatou pou li mande vwazen yo kòman pou l fè sa. Li pat vle ale pataje. . . pou li mande vwazen yo, “Ki sa ou panse sou sa a? Predikatè sa a vini lakay mwen pou li di mwen tèl *bagay*. Suzi, ki sa ou panse de *sa*?”

Li rantre lakay li, li kòmanse devide. Li dechaje l. Li dechaje l de sa li te genyen, pou li te kapab gen plis. Se sa lemonn bezwen jodi a, yo bezwen yon bon vye debarasman tankou tan lontan de sa ke yo genyen. Alelouya! Li te vide sa li te genyen, pou li te ka ranpli. Li vide tout lwil li te genyen an, tout lwil ak tout farin li te genyen an, pou predikatè a, pou wayòm Bondye a. E kan madanm nan te fin vide tout ladan l, Bondye te desann vin ranpli droum manje a, ak boutèy lwil la.

Madanm nan vide ankò, lan asièt predikatè a, Li te retounen e Li te ranpli l ankò. Li te ranpli l. Chak fwa li te vide l, Li ranpli l.

Jodi a, mwen di, si lèzôm debarase yo de tout tenten sayo, tout imitasyon Kretiènte, pou li kite Esprisen an pran plas Li, tap genyen yon revèy ki tap kòmanse lan witièm avni e ri Penn nan ki tap baleye tout peyi a. Kite tout tenten sayo tonbe, retounen nan Pawòl Bondye a. Debarase ou pou ou kap ranpli. Kite bagay sayo ale pou Bondye kap vini. Soumèt ou epi Bondye va ranpli ou. Tout ti bagay sayo, tankou, “Ou dwe fè *sesi* ou dwe fè *sela*; mwen te genyen pou mwen fè *si*, mwen te genyen pou mwen fè *sa*.” Bliye sa! Debarase nan m ou de bagay sa yo!

Di, “Bondye, kite m, a pati de . . . jodi a men m, kite m pou ou nèt. Seyè, mwen vin ak yon kè sere. Mwen vin ak yon espri repantan. Mwen renmen Ou, epi ou konnen ke mwen renmen ou. Mwen vle bliye tout tenten sa yo tout karant jou jèn sa yo pou mwen wè si mwen kapab raproche m pi pre Bondye, mwen vle bliye tout *sesi sela selòtbò*, tout bann tenten sa yo.”

Sispann sa! Pa gen anyen nan Pawòl la ki di ou pou ou fè karant jou jèn. Anyen menm. Pa gen anyen sou latè ki di ou pou jene, sòf si se Bondye ki di ou sa. Si w ap jene ou pap grangou, w ap dépase tout bagay sa yo. Pandan ke wap jene a, frè mwen, w ap jwaye epi w ap kontan toutan. Li di, “Pa parèt devan lè zòm tankou jan ipokrite yo fè a, fè figi yo byen long, byen tris. ‘Sa fè karant jou ke m ap jene, plak dan m nan pap bon pou mwen ankò. Mwen pèdi trant liv, yo di mwen ke m ap parèt pi byen kan sa va fini.’” Oh, tout sa a se rans! Se espri andiozè Diab la.

Ou kanpe sou otèl la, w ap di “glwa, glwa, glwa” jiskaske ou pa kapab di lòt bagay ankò, w ap di, “Ou dwe pale an lang anvan ke ou genyen Esprisen an.” Tenten! Rejte sa!

Fè bagay sa yo sòti lan sistèm ou epi vini lan Pawòl Bondye! Li reponn yo, “Tounen vin jwenn Bondye, epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, na resevwa Sentespri, Kado Bondye a.” Si Bondye pa kenbe Pawòl Li, alò Li pa Bondye. Amèn. Débarase nou! Ke nou kapab ranpli! Amèn. Fyou! Mwen renmen sa, sa a se Pawòl Li. Se sa ke Bondye di. Ekzakteman sa. Kan Bondye di li, Bondye ap okipe l de sa. Dakò. Tout preparasyon ou fè, tout ale ke ou ale legliz. . .

Se tankou laba a lan izin ki fè gwo bouat vagon ak gwo machin ki pote anpil pasaje yo. Mwen te konn travay la. Epi yo pwan e yo konstwi gwo bouat vagon sa yo ak tout lòt bagay ankò, epitou yo te konn mete bwa di, lè fini yo poze bwa kajou toutotou yo, tout bagay te byen bèl, apre sa yo te konn mete yo sou ray tren, lè sa a yo te mouri rèd tankou yon pòt ki kondane. Motè a te kanpe la a, pa gen yon tak vapè ladann, li te annik kanpe la.

Sa li bezwen jodi a se dife anba chodyè a. Sa li bezwen jodi a se kèk vapè. Sa legliz bezwen jodi a se pou li bouyi. . . Bagay ki pi cho ki genyen pou boule peche nan vi ou, se lanmou. E si nou pa kapab renmen nou youn lòt, kòman w ap fè renmen Bondye ke ou pa janm wè? Lanmou kouvri yon bann peche. Renmen Bondye anvan, apre sa w ap renmen nou youn lòt, epi w ap renmen legliz la, w ap renmen Kòz la, w ap renmen tout bagay ki sen, epitou w ap rete lwen tout bagay ki nan monn lan.

Espri andiozè yo prale toupatou pou di moun yo *sesi, sela selòtbò*. “Yo dwe fè *si*, Yo dwe fè *sa*.” Se paske denominasyon yo kanpe, epi yo di ke yo gen yon ti revelasyon, “Enbyen, koulye-a, mwenn kwè ke yon nonm. . . mwen kwè ke kriye rele se yon

bagay ki lan Bib la.” Se vre. Se laverite. Yo fè yon denominasyon ak sa, “Kan ou rele, ou genyen l.” Men ou pa genyen l.

Yon lòt leve, li di, “Pale an lang.” Ekzakteman sa, li ekri nan Bib la. “Enbyen, kan ou pale an lang, ou genyen l.” Men anpil nan yo te konn pale an lang men yo pat genyen l. Ou wè? Se pa sa. Non, monchè.

Gen anpil ki di konsa, “Enbyen, nou dwe pwofetize.”

Gade pwofèt sa yo laba a avèk kòn sou tèt yo, ki tap sote ponpe e ki tap pwofetize. Miche di yo, “Nou tout ap bay manti.” Amèn. Dakò. Bondye pa vini konsa. Bondye vini rankontre yon kè sinsè, ki vini ak yon espri repantan e kraze. “Moun kap mache simaye ak dlo lan je, se sèten yo gen pou yo retounen kè kontan ak bon jèb.” Amèn. Konprann sa byen zanmi m.

(Yon pati lan *Espri Andiozè yo*, 24 jiyè 1955)

Enprime an Kreyol nan Lanne 2005.

©2005 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org